

« Men, Se Pa Volonte M' Ki pou Fèt, Se Volonte Pa Ou »

Norman Wine

Chak kretyen bezwen chwazi bay volonte Bondye premye plas nan lavi li. Nou pa kapab viv yon lavi kretyen viktorye toutotan nou pa gen viktw sou pwòp volonte nou. Lè nou soumèt volonte nou devan Bondye byen bonè nan lavi a, nou evite anpil fristrasyon, pwoblèm ak traka.

Pwòp volonte nou se lide mantal nou yo, sa k'ap pase nan tèt nou, tankou sa nou vle, sa nou chwazi, dezi nou oubyen entansyon nou. Nou kapab byen deside pou fè sakrifis, pataje byen nou, tout sa bon, men premyèman nou dwe abandone pwòp volonte nou.

Yon Endyen ki te konvèti te di konsa : « Lè yon Endyen pa sèvi ak dra li, li pa fimen pip li ankò e li pa batay ak rach lagè li ankò, se kòm si li pa Endyen ankò ».

Jezi se pi gran egzanp nou. Li te lite nan jaden an, e Li te lou ak tristès, paske Li te konnen se kwa a ki t'ap tann Li. Kris te lapriye : « Papa, si Ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte M' ki pou fèt, se volonte pa Ou » (Lik 22:42). Sovè nou an te swe, gout swè te koule sòti sou li tankou gwo gout san, e yon zanj te vini pou ba Li fòs.

Jezi te Bondye anmenmtan Li te yon moun, e Li te gen yon volonte. Men, Li te soumèt volonte Li devan volonte Papa a pou Li te kapab peye pi gran pri a pou rachte nou.

Yon lòt egzanp se wa David. Li te chache volonte Bondye, e Bondye te wè sa. Apre move rèy wa Sayil, Bondye te di : « Mwen jwenn David, pitit gason Izayi a, se yon nonm ki fè M' plezi. Li va fè tout sa M' vle l' fè » (Travay Apòt 13:22).

Kouman nou ka pote viktw sou pwòp volonte nou ? Premyèman nou dwe gen yon dezi pou soumèt volonte nou. Nou dwe reyalize pwòp volonte nou pa aseptab devan Bondye. Nou pa kapab gen viktw nan lit sa a avèk pwòp efò pa nou. Se sèlman avèk èd Bondye nou kapab swiv Jezi kòm egzanp nou :

« Paske, se Bondye menm k'ap travay tout tan nan kè nou. Se Li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè Li plezi ansanm ak fòs pou nou kapab fè l' vre » (Filipyen 2:13). Annou kite Li chanje volonte nou pou fè li tounen volonte pa Li.

Kouman nou ka konnen kisa volonte Bondye ye ? Anpil fwa nan Ansyen Testaman an Bondye te fè moun pa Li yo konnen volonte Li pa mwayen pwofèt yo, rèv yo ak revelasyon. Jodi a nou aprann volonte Bondye nan etid bibliik, nan lapriye, nan paran nou, nan legliz la, nan frè fidèl, e pa mwayen revelasyon Sentespri ban nou. Lè nou obeye verite nou konnen an, Bondye va kontinye ede nou konprann plis nan verite Li a. Anmenmtan, kèkfwa lavi nou parèt nwa pou nou. Se poutèt sa, nou dwe tann Bondye ede nou konprann plis nan verite Li a, epi swiv Li pazapa.


Bib la pale anpil sou soumèt volonte nou devan volonte Bondye. « Vin tabli gouvènman Ou, pou yo fè volonte Ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la » (Matye 6:10). Lè nou resite Lapriye Senyè a, èske nou vrèman reflechi sou sa n'ap di a ? Èske nou vrèman konprann sa n'ap lapriye a ?

« Se Ou menm ki Bondye mwen. Montre m' jan pou m' fè sa Ou vle m' fè a » (Sòm 143:10). Anpil moun pè kite Bondye fè volonte Li nan lavi yo. Men, pou kretyen an, se yon plezi pou li rete ouvri epi reponn pou akonpli volonte Bondye. « Bondye mwen, mwen pran plezi m' nan fè sa Ou vle m' fè » (Sòm 40:8).

Apre nou jwenn viktw sou volonte nou, volonte Bondye va ranplase volonte nou. Olye rebelyon ak dezobeyisans, nou va gen lapè, obeyisans ak kontantman.

Annou sèvi paran nou yo, legliz la ak Senyè a volontèman, epi yon kay nan syèl la va rekonpans nou.

Atik sa a soti nan *Home Horizons*
Eastern Mennonite Publications
Itilize avèk pèmasyon



Limyè Pou Lekòl La

Mas - Avril 2010

Gen Rezon

Nathan Zook

Pa twò lontan pase mwen te fè yon esperyans ak yon lòt chofè pandan mwen t'ap kanpe machin mwen nan mitan de (2) lòt machin bò lari a. Mwen te wè espas la te bon pou machin mwen konsa mwen te avanse lejèman devan espas la, bò kote machin ki devan espas la. Mwen te pase siyal mwen e m' te kòmanse fè bak pou antre nan espas la. Nan menm moman an, yon fanm nan yon lòt machin dèyè mwen te eseye fòse tèt machin pa li pou antre nan menm espas la. Nou toulede te oblije frennen byen vit e chak machin te nan mwatye espas la. Yon moun ki t'ap swiv sa ki te pase a te kouri vini, e li te kòmanse rele dèyè fanm nan. Li te di fanm nan ke li te mal fè e li dwe kite espas la pou mwen. Li te di fanm nan li pa konn fè yon machin byen antre nan yon ti espas.


Fòk mwen di ke mwen te kontan paske pa t' gen pèsonn ki te rele dèyè mwen e mwen te wè ke se te mwen ki te « gen rezon » nan sa ki te pase nou an, men mwen te vin konprann ke mwen pa t' dwe fòse dwa mwen sou fanm nan. Fanm nan te sanble pè sa mwen ta pral di li. Se poutèt sa mwen te kite espas la pou li e mwen te ale pi devan. Touswit mwen te jwenn yon pi bon espas ki te pi pre kote mwen t'aprale a.

Anpil fwa li pa bon lè nou gen rezon pou nou eseye fòse lòt moun rekonèt ke nou gen rezon. Mesaj sou Mòn nan gen anpil ansèyman Jezi te bay disip Li yo ki pa ankouraje nou chache oubyen ensiste ke nou gen rezon. Okontrè, Jezi te kòmanse ak yon apèl pou imilite : « Benediksyon pou moun ki konnen se pòv

yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye » (Matye 5:3). Apre sa Li te deklare : « Benediksyon pou moun ki dou, paske y'a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè » (Matye 5:5).

Jezi te bay anpil lòt egzanp nan mesaj Li a kouman disip yo pa dwe ensiste sou dwa yo pou gen rezon. Petèt se moun ki rele nou nan tribinal san rezon pou pran byen nou, k'ap mande pou nou fè yon lòt kilomèt apre ke nou te deja ale twò lwen pou yo, k'ap frape nou nan figi apre yo te deja frape nou yon fwa, oubyen menm pèsekite nou ; nou pa dwe tire revanj oubyen gonfle lestomak nou pou di yo nou gen rezon. Okontrè, nou dwe chache rekonsilyasyon ak frè nou, dakò ak advèsè nou e fè moun wè glwa Senyè a. « Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la » (Matye 5:16). Briye tankou limyè pou Senyè a pi enpòtan pase mande pou moun wè nou gen rezon.

Atik sa a sòti nan *Companions*, Aug. 2009
Itilize ak pèmasyon



Kouman pou Fè ak Elèv Ki pa Aprann Fasil

Wilmer S. Martin

Timoun sanble ak ti plant kreyòl k’ap grandi pou jwenn solèy cho a. Bondye vle yo tout antre nan yon relasyon nourisan e favorab ak Li. Lè n’ap travay ak timoun yo, nou dwe manifeste nati Bondye devan yo pandan n’ap anseye yo leson ki pratik pou lavi yo.

Pandan y’ap grandi, timoun yo kòmanse konprann lavi nan fason differan selon abilite yo. Yo pa kapab konprann tout bagay imedyatman, ni yo pa kapab konprann li menm jan ak yon granmoun. Sitou pou timoun yo ki pa gen kapasite pou konprann vit.

Yon timoun ki pa aprann fasil se yon timoun ki toujou dèyè nan nivo konpreyansyon timoun ki nan menm laj ak li. Pifò elèv kapab avanse ansanm avèk klas la ki nan menm laj ak yo, men gen kèk timoun ki oblije travay pi di pou kenbe menm pwogrè ak tout rès yo. Kèk nan yo bezwen refè yon klas oubyen resevwa kèk èd espesyal pou kenbe kous la. Souvan timoun sa yo bezwen swen espesyal nan pwèn sa yo.

Konpreyansyon. Pandan n’ap travay sou orè a chak jou, nou menm kòm pwofesè kapab bliye enpòtans prepare chak timoun pou yon lavi itil. Nou pa dwe espere ke chak elèv va konprann bagay yo nan menm vitès oubyen nan menm kantite. Nou bezwen ede chak elèv kote li ye nan etap devlopman li si nou vle li reyisi.

Kèkfwa nou gen tandans pèdi pasyans e bay timoun nan tò paske li pa akonpli sa nou te espere li ta fè. Petèt nou bezwen fè efò pou konprann kouman timoun nan konprann pwoblèm nan epi eseye konprann sa ki bloke li oubyen anpeche li aprann. Konsidere kouman ou ta santi ou si lekòl la te difisil konsa pou ou.

Bondye pa mezire siksè menm jan ak lòm. Petèt pou Bondye, Li pa wè moun kòm yonn ki pa kapab konprann anyen, men petèt sa se lide lòm sèlman li ye. Bondye te kreye chak timoun pou yon bi e li posib nou p’ap ka konprann plan Li. Li kapab gen yon plan pou yon timoun ki gen feblès akademik fè kèk bagay yon

lòt nou panse ki fò pa ta ka janm fè. Lè nou konprann lamou Bondye pou chak timoun, nou jwenn li pi fasil pou gen pasyans avèk yo.

Aseptasyon. Bondye te di Kayen nan Jenèz 4:7 : « Si sa ou te fè a te byen, ou pa ta rive nan sitiyasyon sa a ». Tout evalyasyon « byen » yon timoun dwe baze plis sou dilijans ak efò li olye sou kanè li. Kite elèv la konnen ke ou satisfè si li te fè tout efò li. Lè li jwenn sipò ak aseptasyon nan men granmoun nan lavi li, li va aprann jwenn repo ak pwòp sa li kapab fè e limit li.

Timoun kapab fristre jouk yo pa bay anyen si yo jwenn twòp responsabilite oubyen yo genyen kilpabilite paske yo santi yo pa vo anyen. Byen swiv yon elèv ki lan. Ou vle li fè tout efò li, men ou pa vle dekouraje li. Sa mande tan ak esperyans pou konprann kisa ki twòp oubyen twò piti.

Konpetisyon ant elèv yo nan klas la kapab bon, e rekonpans pou bon travay bon pafwa, men, eseye pa mete twòp anfas sou sa chak moun bay. Travay ak yon bi espesifik pou tout sal klas la kote timoun ki travay vit yo ak sa yo ki travay lan va mele ansanm nan yon efò ini.

Respè. Souvan yon elèv ki pa aprann fasil va bezwen plis èd oubyen mwens devwa. Eseye kite li nan mitan lòt elèv toutotan ou kapab, men toujou swiv bezwen pèsonèl li. Travay ak li nan ban li si ou kapab. Chanje devwa pa li nan yon fason lòt elèv p’ap wè fasil pou li pa ta jennen. Si pwofesè a fè yon elèv ki fò ede yon lòt ki lan, li dwe veye pou sitiyasyon sa pa kòmanse nwi elèv lan an.

Sa mande anpil sajès pou ede lòt elèv yo respekte sila a ki pa kapab aprann byen. Yon pwofesè kapab jere sa, lè lòt yo pale li mal oubyen fè min sou li. Men, kisa pwofesè a dwe fè pou regle tansyon ki nan lakou a oubyen siy ki prèske envizib nan lekti oral klas la ?

Anpil fwa se sèlman de (2) oubyen twa (3) elèv k’ap

chofe move jès yo. Pale ak yo nan prive. Ou kapab ede yo aprann pou yo gen kè sansib olye pou yo chache kont. Ou dwe fè yo konnen tou kouman ou ap atann amelyorasyon apre sa.

Anpil fwa elèv yo manke respè yonn pou lòt. Yon timoun ki pa fò nan lekòl ajì nan yon fason ki fè li difisil pou lòt elèv yo respekte li. Li kapab pale ak awogans e egzajere oubyen menm eklate ak kòlè kèkfwa. Pale ak li pou kont li e diskite kouman aksyon li yo ap blese lòt yo.

Kèkfwa yon elèv ki fatigue va neglijè teni pèsonèl li e manyè li. Ankouraje li penyen cheve li e lase soulye li tankou lòt yo. Ede li kenbe ban li nan lòd. Bagay sa yo kapab ede li gen respè pou tèt li pandan l’ap montre respè pou lòt yo.

Sekirite. Yon elèv ki pa kapab aprann byen san dout va fè fas ak plis fristrasyon e dekourajman nan lane lekòl li yo pase elèv ki fò yo. Li bezwen granmoun pou ede li kontwole fristrasyon li e pou devlope yon sekirite nan tout lavi li.

Yon pwofesè pa dwe janm pèmèt lòt elèv yo moke oubyen pase nan rizib yon elèv ki aprann lan. Si se pa sa, klas la p’ap janm bay pi bon rezilta. Pwofesè a pa dwe sèvi ak rizib oubyen konpare yon elèv ak lòt. Òdinèman ankourajman va bay pi bon rezilta pase rizib.

Timoun ki aprann lan ansanm ak tout lòt elèv va respekte regleman ki klè pou kondwit ak disiplin nan klas la. Si ou wè yon pwèn fèb nan yon elèv lan, pale ak li sou sa nan prive e ba li lòd ki klè sou sa ou atann nan li. Si li pa swiv lòd la, li deja konnen kisa k’ap rive. Pinisyon ak sipriz sou li va sèlman ogmante santiman feblès li.

Ankourajman. Li enpòtan pou fè yon timoun lwanj pou li jwenn satisfaksyon nan efò li. Yon timoun ki aprann fasil ka jwenn satisfaksyon ak yon bon nòt, men yon timoun ki pa aprann fasil kapab benefisye plis ak yon mo ankourajan pito. Se pou ou montre apresyasyon pou efò li yo.

Pou yon timoun ki pa aprann fasil, konsantre sou sa ki pi senp. Ede li plis nan bagay ki kapab benefisye li plis pou reyisi nan lavi li lè li granmoun. Bay nòt ak konsiderasyon pou sijè ou ap korije a. Si yon elèv gen difikilte nan òtograf, ou kapab chwazi pa wete pwèn

pou move òtograf li lè li fè devwa leson lekti an.

Byen siveye siy dekourajman oubyen twòp travay. Mete ou pre pou bay èd pèsonèl ou pou ede elèv yo ki mal pou konprann leson an. Ou pa dwe sèvi ak rekreyasyon, lè manje, oubyen lòt aktivite pou fè elèv la etidye tout tan. Kontwole kantite devwa li. Sonje ke timoun ki travay di pou aprann kapab bezwen lòt aktivite pi souvan pase lòt elèv yo.

Pran prekosyon pou ou pa jije yon timoun twò vit oubyen twò di lè li pa kapab aprann byen. Kèkfwa sa ki sanble yon reyaksyon rebelyon kapab yon reyaksyon dezespwa. Yon ti pale pou ankouraje kapab pi bon kèkfwa pase pinisyon.

Enspirasyon. Kouman nou kapab enspire elèv ki fatigue pou renmen aprann ? Chache konnen kèk bagay ki enterese li menm jan ou ta fè pou yon elèv ki aprann fasil. Si klas ou angaje nan yon pwojè ki anplis pwogram lekòl la e ki enterese li, eseye diminye sou devwa regilye li pou li kapab ede nan pwojè a. Ba li bon chans pou kouri al fè yon komisyon oubyen ede ak yon syans esperimantal.

Malgre twòp devwa kapab anpeche dilijans, pa jwenn ase travay kapab toufe enspirasyon. Olye toujou bay ti devwa pou elèv la ki pa kapab aprann byen, eseye bay li yon pati nan devwa kòm kredi anplis pou li si li kapab fè li. Olye retire tout devwa nan yon sijè e ba li tout nan yon lòt, petèt mwens devwa nan plizyè sijè ta pi bon pou li.

Eseye dekouvri don elèv la ki pa ka aprann fasil e ede li devlope li. Lè se posib, sèvi ak konesans e esperyans li pou enterese li nan klas la. Montre li ke ou enterese nan rèl lavi li lè li pa nan lakou lekòl la.

Ou gentan reyalize pi gran bi Bondye pou timoun nan lè li vin konnen e sèvi Bondye. Si ou kapab demontre pasyans ak bonte Bondye pandan ou gen relasyon ak yon timoun ki pa kapab aprann byen, ou va ede yon ti plant kreyòl pou l’ donnen anpil fwi.